



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 13 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 28 NOMINASYON POU REJIS NASYONAL PLAS ISTORIK ETA

Sistèm Barge Canal la pami sit yo nan eta te nome pou lis la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 28 sit te nome nan rejis plas istorik nasyonal eta a. Distri istorik Canal barge te youn nan pwopriyete yo, resous ak distri nan eta avanse pou deziyasyon istorik pa Konsèy Prezèvasyon Istorik Eta New York.

“Istwa rich New York pami pi gwo atou e li rete yon atrè pou endistri touris kap grandi vit nan eta,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou nome sit sa yo kòm plas istorik, nap travay pou prezève eritaj la pou pwochen jenerasyon yo, pandan egalman nap ankouraje vwayajè yo nan chak kwen mond lan pou vizite ak eksplòre sit sa yo ki fè New York vini Eta Empire la.”

Distri Istorik Canal Barge la gen ladan kat branch istorik nan sistèm kanal 20^{yèm} syèk eta: Erie, Champlain, Oswego, ak kanal Cayuga-Seneca –yo tout a gran vèsyon vwa navigab ki te inisyalman konstri pandan ane 1820 yo. Distri a etann 450 mètr sou 18 konte e li anglobe 23,000 karo tè. Ou kapab jwenn foto pase ak prezan seksyon kanal [la](#).

Ou kapab jwenn foto nominasyon endividyèl ak tout 28 sit yo [la](#).

Komisyonè Biwo Park Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (OPRHP), te deklare, “Nominasyon Distri Istorik Canal Barge ak lòt sit notab toupatou nan eta ak batiman plas istorik rejis nasyonal Eta nan dosye prezèvasyon istorik robis Gouvènè Cuomo. Ajoute sa yo nan plas rejis yo mete yo nan konpayi distenktif e li se yon etap enpòtan nan selebrasyon ak prezèvasyon alontèm yo.”

Brian U. Stratton, Direktè Canal Corporation Eta New York, te deklare, “Mwen aplodi Konsèy Eta New York pou prezèvasyon istorik nominasyon l sou Barge Canal paske li te liste nan rejis nasyonal plas istorik Eta. Nan tout zòn Canal New York yo se kominote, alafwa gwo ak piti, ki pataje yon sans idantite ak eritaj komen ki soti dirèkteman nan sistèm Canal. Nominasyon sa yo bay a mèvèy sa nan jeni Ameriken vrè plas li nan istwa e li se tankou yon mekanis pou stimile touris, kwasans ekonomik ak restorasyon anviwonmantal.”

Haitian Creole

Barge Canal Eta New York se yon travay nasyonal enpòtan nan kòmansman 20^{yèm} syèk la jeni ak konstriksyon ki te afekte komès nan pifò pati nan kontinan pou preske yon mwatye syèk. Erie Canal, te premye ouvè nan ane 1825, se te vwa navigab atifisyèl ki te pi reyisi ak gen plis enfluyans, fasilite ak fasone règleman nan Nòdès, Midwès, ak Gran Plenn yo; relye fasad Atlantik avèk teritwa yo ki nan lwès montay Appalachian yo, epi etabli Vil New York kòm premye pò peyi a ak sant komèsyal. Canal New York yo se te yon siksè enòm e yo te dwe agrandi a plizyè repriz pandan 19^{yèm} syèk la pou akomode pi gwo bato ak ogmante trafik. Canal Barge la te konstwi nan ane 1905-18, se agrandisman ki pi gwo ak pi anbisye.

Rechèch apwofondi ak dokimantasyon pou nominasyon an, gen ladan yon envantè pou plis pase 200 estrikti canal, te prepare pa Koridò Eritaj Nasyonal nan zòn canal la, Pwogram Dokimantasyon Sèvis Park Nasyonal, an patenarya avèk OPRHP.

Mike Caldwell, Direktè Rejyonal Sèvis Park Nasyonal, rejyon nòdès, te deklare, “Koridò Eritaj Nasyonal Erie Canalway te rekonèt kòm yon trezò nasyonal iyonik pa kongrè a nan ane 2000. Depi lè sa, sèvis park nasyonal la te travay etwatman avèk kominote lokal eta New York yo pou planifye ak enplemanite prezèvasyon ak opòtinite revitalizasyon. Lis distri istorik la pral ranfòse anplis enpòtans Erie Canalway kòm youn nan pi gran ak byen patrimwan ki pi rekonesab nan peyi a .”

Lis rejis nasyonal ak eta kapab ede mèt pwopriyete yo nan modènize bilding yo, fè yo elijib pou plizyè pwogram prezèvasyon piblik ak sèvis tankou mache sibvansyon eta ak eta ak kredi taks pou reyabilitasyon istorik. Devlopè yo te investi \$1 bilyon dola nan tout eta nan 2013 pou renove pwopriyete yo ki te liste nan rejis nasyonal plas istorik yo, pandan mèt pwopriyete yo ap itilize kredi taks pou reyabilitasyon istorik yo te investi plis pase \$14.3 milyon dola nan tout eta nan amelyorasyon kay pou ede renove katye istorik yo.

Rejis nasyonal ak eta se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak nan peyi a. Gen plis pase 90,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta ki liste nan rejis nasyonal plas istorik, endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete, minisipalite ak òganizasyon nan kominote yo toupatou nan eta te pwomote nominasyon yo.

Yon fwa rekòmandasyon an te apwouve pa ofisye prezèvasyon istorik eta, pwopriyete yo te liste nan Plas Istorik Rejis Eta New York apres a nome nan rejis nasyonal plas istorik, kote yo te revize e, yon fwa apwouve, te antre nan rejis nasyonal la.

REKÒMANDASYON KOMITE KONSÈY ETA:

Konte Albany

Philip Livingston Junior High School, Albany – Deziyen pa Achitèk Albany Andrew L. Delehanty e li te fini nan ane 1932 pou yon popilasyon kap devlope, bilding lekòl la enkòpore stye art dekò retablisman

Haitian Creole

Colonial e li se yon egzanzp prekòs sou mouvman junior high school nan Eta New York.

Konte Chautauqua

Distri Istorik anba lavil Jamestown – koleksyon 101 bilding istorik ki konstitye yon ti nwayo batiman iben esansyèlman komèsyal, sa ki reflekte evolisyon vil la de yon ti vilaj nan ane 1870 yo a yon anba lavil endistriyèl anime avèk plis pase 40,000 rezidan nan mitan ane 1950 yo.

Konte Dutchess

Corlies-Ritter-Hart House, Poughkeepsie – Bati ca. 1872, dezyèm kay style- Empire te asosye avèk yon seri fanmi enpòtan nan istwa edikasyon mizik lokal, pèfòmans, a komès.

Legliz Dover Stone, Dover Plains –Fòmasyon jeyolojik wòch metamòfik ki lokalize nan yon lokasyon ki gen anpil bwa nan pati lès konte Dutchess te selèb ak yon destinasyon touris ki pi vizite nan Eta New York nan deseni mitan 20^{yèm} syèk la.

Charles Morschauer house, Poughkeepsie – Kay style Rèn Anne te bati nan ane 1902 pou Charles Morschauer, yon avoka premye enstans pandan fen 19yèm ak nan kòmansman 20yèm syèk ak avoka defans nan pwosè nasyonal Harry K. Thaw, ki te swiv nasyonalman, li te akize nan lanmò achitèk ki gen renome Stanford White.

Violet Avenue School, Poughkeepsie – te konplete nan ane 1940, lekòl retablisman kolonyal etwatman asosye avèk Prezidan Franklin Delano Roosevelt, ki te enfliyanse konsepsyon li; li te bati anba ejid nouvo pwogram bilding lekòl New Deal ki te jere pa Administrasyon Public Works.

Sit Legliz Episkopal Metodis Zion Pilgrim, Fishkill –resous akeyolojik istorik enpòtan nan zòn Baxtertown se te sit yon legliz ki te bati nan 1848, ki te sèvi tankou plas rasanbleman relijye ak sosyal de yon kominote riral afriken-ameriken nan Hudson Valley.

Konte Erie

Public School #60, Buffalo –Te fini nan ane 1922, PS 60 reprezante evolisyon sistèm lekòl piblik Buffalo, premyèm tankou yon lekòl primè ki te bati ak elaji kòm vil la tap devlope epi tankou yon sant fòmasyon vokasyonèl ak kominotè.

Konte Genesee

First Presbyterian Church, Le Roy – te erije nan ane 1825-26 epi modifiye annaprè pandan peryòd 19^{yèm} ak 20^{yèm} syèk, legliz la te reziste evidans nan sant vilaj la depi konstriksyon li, ofri yon plas rasanbleman pou kominote a.

Konte Kings

Nassau Brewing Company, Brooklyn –Pi gwo sit konplèks brasri lager date nan ane 1865, lè yon eksplozyon byè te pran kontwòl Brooklyn, akonpaye pa foul imigran Alman nan zòn metropoliten New York.

Haitian Creole

Konte Lewis

Pinckney Corners Cemetery, Pinckney – Simetyè bay enfòmasyon enpòtan sou kòmansman etablisman fanmi yo nan rejyon an nan 19^{yèm} syèk e li gen ladan tonb de revolisyonè veteran lagè 1812 — yon demonstrasyon nati stratejik rejyon an pandan konfli sa.

Konte Monroe

First Unitarian Church, Rochester – Bati nan ane 1961-62, egzanp achitekti enpòtan nasyonal sa te deziyen pa achitèk modèn entènasyonal Louis I. Kahn e yo te gade li tankou moman glwa l, kote li te transande pozisyon l kòm yon bon achitèk modèn pou vini youn nan espri achitèk ki pi enfliyan nan fen 20^{yèm} syèk la.

North Star School #11, Hamlin – Batiman eksepsyonèl lekòl riral 19^{yèm} syèk te sèvi kominote a pou 170 ane egzistans li, premyèmàn kòm yon lekòl ki te bati nan ane 1844, e apres a tankou yon sant kominotè, kòmanse nan ane 1952, e kounye a tankou yon sant istwa lokal.

Konte Nassau

William Landsberg House, Port Washington – Bati nan ane 1951, egzanp ekselan achitekti Rezidansyèl modèn sa te deziyen pa William Landsberg, yon achitèk modèn, e distenkteman ilistre preferans li pou transparans, senplisite, efikasite, ak materyèl natirèl.

Konte New York

Circle Line X, New York – Bati nan ane 1944, *Circle Line X* te kòmanse tankou yon Gwo (LCI) Atizana Enfantri (L) nan dezyèm gè mondyal, transpòte twoup nan envazyon zile nan Teyat Pasifik la; apre lagè a li te rekonvèti tankou yon bato pou vizit touristik sou yon 35 mètr tour nan zile Manhattan.

Colony Arcade, New York – Batiman estoraj ak grenye 1912 la te fè pati nan devlopman “Midtown Loft Zone,” e li te konnen istorikman, sa ki te devlope nan revèy volontè fabrikan rad yo pou yo etabli toupre gwo magazen lavil la kòm yo te deplase nan gwo katye chik nan tounan syèk la.

Konte Niagara

High ak Locusts Streets Distri Istorik, Lockport – Katye a te devlope tankou yon lokasyon popilè pou anpil pwofesyonèl notab vil la, politisyen ak moun kap fè biznis yo pandan yon peryòd kwasans enpòtan e jodia li gen ladan yon koleksyon style rezidansyèl ki trè entak ki date de 1840 jiska 1936.

Oakwood Cemetery, Niagara Falls – Te etabli nan ane 1852 pou sèvi bezwen kominote kap grandi a, simityè a gen ladan yon seksyon ki dedye a “stunters,” oswa kass-kou (siksè ak echèk), ki te soti nan Niagara Falls, kote Annie Edson Taylor, premye moun pou siviv ale nan chit la nan bon barik, li te antrere.

Konte Onondaga

Ekspansyon Limit Distri Istorik Hanover Square, Syracuse – Nominasyon an elaji distri istorik ki te kreye nan ane 1975 pou anglobe anpil nan bilding ki enpòtan nan lavi komèsyal vil la ki te kreye nan

Haitian Creole

kòmansman ak nan mitan 19^{yèm} syèk la pou pran avantaj de Erie Canal ak Genesee Turnpike.

West Brothers Knitting Company, Syracuse— Batiman manifakti a te konstwi nan ane 1906-1907
Pou loje yon konpayi triko kap grandi ki te kòmanse pa Eugene ak George West nan ane 1890, ansanm avèk plizyè dizèn endistri ki te parèt pou stimile ekonomi lokal la kòm endistri tradisyonèl sèl vil la tap deklina.

Konte Richmond

Rezidans nan One Pendleton Place, Staten Island— egzanp eksepsyonèl yon style vila Italyen Victorian nan Staten Island te bati nan ane 1860 e li an vedèt defwa nan magazin *Horticulturalist*, yon jounal 19^{yèm} syèk ki te ede popilarize konsepsyon pitorès nan pei Etazini.

Konte Schoharie

Legliz Distri Isotirk St. Paul's Lutheran, Schoharie – Distri a konpoze de ansyen legliz St. Paul's Lutheran, yon presbitè 1801, simityè St Paul Lutheran, ak Ansyen Pèsonaj Litheryen 1743, yo tout asosye avèk migrasyon 18yèm syèk kolon Alman Palatine nan Schoharie Valley.

Konte Steuben

Philip Argus House and Winery, Pulteney – Kay an wòch 1886 ak distilri diven an wòch 1890 la te bati pa Philip Argus, yon imigran Alman ki te rekonèt ke zòn Finger Lakes la te genyen menm kondisyon meteyolojik ak kondisyon tè a tankou rejyon diven yo an Ewòp te ede pou fè fabrikasyon diven yo vini yon gwo pati nan ekonomi rejyon an.

Konte Suffolk

Kay John Mollenhauer, Bay Shore – Bati nan 1893, egzanp ekselan, ak enkwayableman ra, eganp de yon style domèn Shingle te bati tankou yon dezyèm kay pou John Mollenhauer, yon imigran Alman yon biznisman ki gen siksè ki konnen tankou “Sugar King of Brooklyn.”

Konte Wayne

Kay Ambrose Lapham Palmyra – te konstwi nan ane 1869-1870, style kay Italyen te konstwi pou Lapham, yon natif natal Palmyra ki te fè richès li nan endistri bankè nan zòn Detroit e li te chwazi Palmyra kòm kote pou li pran retrèt, sonje peyizaj riral pastoral Finger Lakes la.

Konte Westchester

Distri Park Istorik Glenwolde, Tarrytown – Sou-divizyon an lajman enatk retablisman Tudor ak style kay retablisman kolonyal te devlope nan ane 1920 yo an repons a agrandisman ekonomi lokal la ak ogmantasyon demann pou lojman ki anrapò.

Konpayi Asirans Metropolitan Life Hall of Records, Yonkers – Bilding Neo-Klasik la, te deziyen pou maske konstriksyon rezistan l a dife, li te bati nan ane 1906 kòm yon depo distan pou dosye lavi metropoliten yo kòm li te devlope pou l vini youn nan pi gwo konpayi asirans nan peyi Etazini.

Haitian Creole

Nominasyon sa yo, ansanm avèk plizyè dizèn milye bilding nan rejis nasyonal ak eta, souliye enpòtans, pwofon ak divèsite nan istwa New York. Selebre ak pwomote byen istorik New York se egalman yon devlopman motè ekonomik enpòtan pou eta. Gouvènè a te demontre angajman l pou mete anvalè istwa rich New York ak enpòtans kiltirèl nan lanse inisyativ chemen Eta atravè istwa. Inisyativ Path Through History itilize 13 tèm pou òganize 500+ eritaj atraksyon atravè eta sa ki gen ladan gwo rezo mize New York, sit istorik ak lòt enstitisyon kiltirèl yo. Vizitè yo ka jwenn sit yo lè yo chèche siy Path Through History sou gwo otowout eta ansanm avèk nan pano lokal yo ajoute yo, ak sou entènèt nan www.paththroughhistory.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418